



Pou Piblikasyon Imedya: 21/10/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**PANDAN MWA SOTI NAN FÈM RIVE LEKÒL LA, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 10 MILYON DOLA DISPONIB POU POTE PLIS MANJE NOUYÒK NAN LEKÒL NOUYÒK YO**

***Aplikasyon yo ouvri kounye a pou 3yèm faz Pwogram Sibvansyon pou Enfrastrikti Alimantè nan Lekòl Rejyonal***

***Pwogram nan bay yon total 50 milyon dola sou senk ane pou pwojè yo atravè eta a pou preparasyon manje ki fre, ki prepare ak engredyan orijinal pou elèv yo pandan l ap ede kiltivatè Nouyòk yo***

***Baze sou priyorite Eta Leta 2025 Gouvènè a pou pote manje Nouyòk bay elèv yo, konbat ensekirite alimantè ak ranfòse pwodiksyon manje lokal atravè eta a***

***Kontinye sipòte aksè ak manje pou Nouyòkè pandan fèmti Gouvènman Federal la ak rediksyon bidjè san responsablite li yo ap menase pwogram manje ki jwenn finansman federal yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a, pandan mwa Soti nan Fèm rive Lekòl (Farm-to-School) la, 10 milyon dola ki disponib atravè Faz 3 Pwogram Sibvansyon pou Enfrastrikti Alimantè nan Lekòl Rejyonal Nouyòk (Regional School Food Infrastructure, RSFI) la pral pote plis manje Nouyòk pou timoun ki lekòl nan Nouyòk yo. Pwogram nan pral sipòte pwojè nan lekòl Nouyòk ki amelyore preparasyon ak distribisyon repa pou elèv kindègadenn jiska 12yèm ane. Pwogram RSFI a, ki premye te anonse nan Eta Leta 2023 Gouvènè a, pral bay 50 milyon dola sou senk ane pou aplikan ki elijib yo pou fasilite pwosesis ak preparasyon sou plas repa fre, nourisan, ogmante itilizasyon pwodwi alimantè Nouyòk ki pi bon pou sante ak lokal epi bay kiltivatè Nouyòk yo yon ogmantasyon. Pwogram nan se sèlman yon egzanp nan anpil fason Eta Nouyòk mete priyorite sou diminye ensètitud manje ak sipòte kiltivatè yo, konpare ak rediksyon san responsablite gouvènman federal la ap fè nan pwogram nitrisyon esansyèl yo.

"Pandan fèmti gouvènman federal san responsablite sa a ap kontinye apre administrasyon Trump lan te fè rediksyon danjere nan pwogram manje yo, mwen fyè pou m di ke isit la nan Eta Nouyòk, nou kontinye fè avanse objektif nou yo pou diminye ensètitud manje pandan n ap ogmante opòtinite mache pou kiltivatè yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram Rejyonal Enfrastrikti Alimantè nan Lekòl la ap sipòte

kiltivatè ak lekòl nou yo ansanm, k ap sipòte endistri agrikòl nou an pandan l ap asire timoun nou yo gen ase manje lokal ki fre yo bezwen pou yo aprann ak pwospere. Finansman pou pwojè sa yo pral bay sipò ki tèlman nesèsè pou ede lekòl yo prepare manje fre, bon gou, ki prepare ak engredyan orijinal, pou elèv nou yo nan pwòp kwizin yo, sa ki pral ranfòse plis rezilyans sistèm alimantè nou an."

Pwogram Rejyonal Sibvansyon pou Enfrastrikti Alimantè Lekòl la, ke Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets) Eta Nouyòk la administre, ap bay lekòl Nouyòk yo resous yo bezwen pou prepare manje fre, nourisan, ki fèt pou elèv yo apati engredyan orijinal yo. Finansman ki soti nan pwogram nan pral sèvi pou devlope enstalasyon ki pèmèt òganizasyon yo rasanble, estoke, trete, epi prepare pwodwi agrikòl sou plas. Pwogram nan ankouraje devlopman mendèv la tou lè li bay fòmasyon pou lekòl, kominote ak elèv yo nan gastwonomi, transfòmasyon manje, manipilasyon ak estokaj manje san danje, lojistik, livrezon, ak plis ankò, ki baze sou bezwen kominote a.

Disponibilite finansman an te anonse jodi a pandan yon evènman espesyal sou Long Island kote Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te vizite East End Food Institute pou l selebre tou pwogrè òganizasyon an sou yon Sant Distribisyon Manje modèn, ki resevwa an pati sipò 5 milyon dola nan finansman Eta a atravè az 2 pwogram RSFI a. Komisè a ak envite yo te fè yon vizit nan enstalasyon ki anba konstriksyon an epi yo te plante premye zèb yo pou jaden manje kominotè Enstiti a planifye.

East End Food Institute, ki se youn nan de benefisyè dezyèm faz pwogram nan, ap itilize finansman an pou kontinye travay sou Sant Distribisyon Manje yo a, ki pozisyon pou sèvi kòm yon sant santralize pou koleksyon, tretman, ak distribisyon manje nan Rejyon Long Island lan. Pwojè a ap konsantre pou abòde defi lojikstik ke lekòl ak enstitisyon yo fè fas nan acha manche lokal, tankou kontrent pou kòmand, pri ak distribisyon. East End Food Institute ap antre fòmasyon sou devlopman mendèv nan pwojè a lè li bay anplwaye yo fòmasyon ki konsantre sou preparasyon ak pwodiksyon manje. Reprezantasyon vizyèl Sant Distribisyon Manje ki planifye a disponib [sou sitwèb Depatman an](#). Pwojè sa ap sipòte distri sa yo, Distri Lekòl Southampton Union Free, Distri Lekòl Westhampton Beach, Distri Lekòl Riverhead Central (CSD), Distri Lekòl Copiague, Distri Lekòl North Shore ak Distri Lekòl Half Hollow Hills.

### **Enfòmasyon Adisyonèl sou RFP**

Pwopozisyon pwojè yo ta dwe konsantre rejyonalman sou amelyore preparasyon manje pou timoun lekòl K-12, diminye ensekirite alimantè, ogmante opòtinite mache pou pwodiktè Eta Nouyòk, ak ranfòse rezistans nan sistèm alimantè eta nou an. Pwogram nan mande pou etablisman ki finanse yo sèvi plizyè distri lekòl epi sipòte kominote lokal yo, ki gen ladan lè yo bay opòtinite devlopman mendèv. Lajan sibvansyon yo disponib pou depans pwojè kapital yo pou sipòte preparasyon ak distribisyon repa fre pou enfrastrikti lekòl rejyonal yo, tankou agregasyon, sant estokaj ak/oswa kwizin nan estil komisarya. Aplikan ki elijib yo enkli òganizasyon san bi likratif, minisipalite lokal yo, distri lekòl yo ak Konsèy Sèvis Edikasyon Koperativ (Boards of Cooperative Education Services, BOCES).

Yo pral bay finansman an pou chak rejyon nan eta a pandan yon peryòd senk ane, epi yo pral bay 5 milyon dola chak ane pou de rejyon diferan an menm tan. [Premye faz finansman te ale nan pwojè nan Lwès Nouyòk ak North Country yo](#), epi [dezyèm faz finansman an te ale nan pwojè sou Long Island ak Sant Nouyòk yo](#). Y ap bay de lòt rejyon 5 milyon dola chak nan faz ki vin apre yo, jiskaske yo resevwa tout rejyon yo.

**Pwopozisyon pou Faz 3 yo dwe soumèt jiska 20 janvye 2026 nan 3:00 p.m.** Pou plis enfòmasyon sou elijibilite pou pwojè a ak kijan pou aplike, ale sou [agriculture.ny.gov/Funding-Opportunities](http://agriculture.ny.gov/Funding-Opportunities). Gen yon wèbinè enfòmasyon ki kouvri detay enpòtan sou Demann pou Pwopozisyon sa a ke nou ka gade [isit la](#).

**Komisè Agrikilti Eta Nouyòk (New York State Agriculture) la, Richard A. Ball, te deklare,** "Youn nan priyorite nou yo nan Depatman an se pou asire kiltivatè Nouyòk yo ka pote pwodui alimantè fre, lokal yo dirèkteman nan kominote nou yo, epi asire lekòl nou yo gen ekipman yo bezwen pou fè manje nan itilize engredyan orijinal yo epi itilize engredyan ke agrikiltè ak pwodikè nou yo fè se yon eleman ki enpòtan nan inisyativ sa a. Atravè de premye faz pwogram nan, nou deja wè kèk pwogrè enteresan sou pwojè tankou nouvo Sant Distribisyon Manje a ke East End Food Institute ap dirije, ki pral benefisye kiltivatè yo ak elèv yo tou. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li bay pwogram enpòtan sa a epi mwen ankouraje tout aplikan ki kalifye yo pou konsidere aplike pou Faz 3 a, ki ofri yon opòtinite pou ranfòse sistèm alimantè nou an epi bay elèv nou yo manje bon gou, an sante, ak ki pwodui nan nivo lokal pandan n ap sipòte kiltivatè nou yo."

**Direktè Egzekitif East End Food Institute la, Marci Moreau, te deklare,** "Sipò kontinyèl Gouvènè Hochul ak Komisè Ball atravè pwogram Enfrastrikti Alimantè nan Lekòl Rejyonal la ap transfòme sistèm manje yo nan Nouyòk epi ap ede konstwi rezo manje lokal ki pi rezistan. Nou tout nan East End Food rekonesan anpil pou patenarya sa a, ki mete kiltivatè nou yo ak lekòl yo ansanm, sipòte agrikilti lokal pandan l ap asire ke chak timoun gen aksè a manje fre ak nourisan. Nan East End Food Institute, nou kwè lè nou rasanble kiltivatè ak lekòl ansanm, pwosesis edikasyon an li menm vin pi rich, epi elèv yo pa sèlman jwenn manje ki pi bon pou sante, men yo genyen tou yon konpreyansyon pi pwofon sou kote manje yo soti ak moun ki pwodwi li. Fon sa yo esansyèl pou ede nou konstwi yon sistèm alimantè ki pi solid ak pi konekte, yon sistèm ki nouri kò, lespri, ak kominote a. Nou rekonesan pou opòtinite sa a e nou rete angaje pou n onore li atravè travay nou chak jou."

**Direktè Sèvis Alimantè Lekòl Southampton yo, Regan Kiembock, te deklare,** "Kòm yon direktè sèvis manje lekòl pandan plis pase 25 ane avèk yon gwo pasyon pou pwogram soti nan fèm rive lekòl la, mwen trè eksite pou envestisman Eta Nouyòk ak Gouvènè nou an fè pou ogmante aksè elèv nou yo nan manje lokal nan lekòl nou yo isit la sou Long Island. East End Food Institute pral yon resous enpòtan pou tout moun ki angaje nan bay elèv nou yo manje fre, lokal, ak an sante nan kafeterya lekòl nou yo, pa sèlman paske li fasilite koneksyon ak acha nan men kiltivatè ak pwodikè lokal nou yo, men tou paske li pèmèt nou gen yon pwogram devlopman mendèv pou antrene pèsònèl

sou preparasyon manje avèk engredyan orijinal yo. Se yon sitiyasyon gayan-gayan pou tout moun."

**Senatè Eta a, Michelle Hinchey, te deklare,** "Rezilta rediksyon federal yo nan pwogram sekirite alimantè yo se ke timoun ak fanmi atravè Nouyòk yo p ap gen aksè a manje yo bezwen. Tout kote Eta a ka fè yon diferans pou pwoteje moun ak elaji aksè a manje, nou ap aji. Sa enkli sipò pou Pwogram Sibvansyon pou Enfrastrikti Alimantè nan Lekòl Rejyonal la, ki bay lekòl yo finansman kapital pou estoke, kwit, ak sèvi manje fre ak an sante—pandan li ede kiltivatè Nouyòk yo mete pwodwi kalite siperyè yo sou asyèt elèv yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Komisè Ball paske l mete pwogram enpòtan sa a kòm priyorite, epi mwen ankouraje tout aplikan ki kalifye yo pou aplike."

**Manm Asanble Donna Lupardo te deklare,** "Pwogram Sibvansyon Rejyonal pou Enfrastrikti Alimantè nan Lekòl Rejyonal la sipòte lekòl ak lòt enstitisyon yo nan efò pou entegre pwodwi ki fre, ki pwodwi lokalman nan repa yo sèvi yo. Pwogram nan sipòte kiltivatè Nouyòk ki travay di yo, ankouraje konsomasyon manje ki an sante ak nitritif, pandan l ap ranfòse sistèm manje lokal yo. Mwen ankouraje distri lekòl yo pou aplike pou twazyèm faz finansman sa a; investisman esansyèl nan enfrastrikti sa yo pral pote benefis pandan plizyè ane k ap vini yo."

**Manm Asanble Jodi Giglio, te deklare,** "Pwogram Sibvansyon pou Enfrastrikti Alimantè nan Lekòl Rejyonal la pral ede asire ke elèv nou yo isit la nan North Fork jwenn manje nitritif ak lokal yo bezwen pou ede yo aprann. Anplis de sa, pwogram nan sipòte kiltivatè lokal nou yo, kidonk li se yon viktwa pou tout moun. Mwen felisite East End Food Institute pou prim sa a epi mwen swete wè pwojè a reyalize."

**Direktris Pwogram East End Food Institute ak Pwopriyetè Soul Creations Apothecary ak Herb Farm, Kayla Barthelme, te deklare,** "Se yon onè pou nou akeyi Komisè Ball ak kominote nou an nan Sant Distribisyon Manje East End lan. Kòm yon ti kiltivatè ak èboris sou East End, mwen pwodui zèb medsin epi travay ansanm ak lòt kiltivatè, pwodiktè, ak edikatè lokal ki pataje yon sèl misyon: kenbe kominote nou an sante, konekte, ak nouri depi nan baz. Pou sila yo ki pratike agrikilti isit la, pwojè sa a reprezante bokou plis pase yon bilding — li se yon espwa pou lavni agrikilti lokal la. Sant Distribisyon Manje East End lan pral bay kiltivatè yo enfrastrikti yo te bezwen depi lontan pou trete, estoke, ak distribye pwodwi yo avèk efikasite ak nan pri abòdab. Li pral ede kenbe manje ki kiltive nan Long Island yo nan Long Island — nouri lekòl, lopital, ak fanmi nou yo, pandan li bay kiltivatè yo estabilite pou kontinye fè sa yo renmen. Nou souvan pale sou 'devlope kominote,' e se egzakteman sa pwojè sa a fè. Li ranfòse rasin ki genyen ant kiltivatè ak vwazen yo, epi li fè nou sonje ke lè nou envesti nan manje lokal, nou vrèman ap envesti nan moun — nan rezistans, nan dirabilite, ak nan istwa pataje tè sa a."

Anplis Pwogram Sibvansyon pou Enfrastrikti Alimantè nan Lekòl Rejyonal la, Gouvènè Hochul kontinye priyore ogmantasyon aksè ak manje pou tout Nouyòkè yo, avèk Depatman Agrikilti ak Mache yo k ap aplike yon seri pwogram pou konstwi yon sistèm alimantè ki pi rezistan epi asire ke kiltivatè yo ka konekte ak nouvo mache lokal yo.

Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta Nouyòk kontinye sipòte Pwogram Nouri Nouyòk (Nourish New York) la, Inisyativ 30 Pousan Eta Nouyòk (30 Percent NYS) la pou repa lekòl, pwogram Soti nan Fèm rive Lekòl (Farm-to-School) la, inisyativ FreshConnect Fresh2You, Pwogram Sibvansyon Ekspansyon Aksè nan Manje (Food Access Expansion), Pwogram Nitrisyon Farmers' Market, Pwogram Sibvansyon Fèm Iben ak Jaden Kominotè (Urban Farms ak Community Gardens) ak plis ankò. Investisman sa yo chita sou angajman Gouvènè a pou ogmante demann pou pwodwi agrikòl Nouyòk yo, ranfòse chèn apwovizyonman manje Nouyòk, epi asire tout Nouyòkè yo kapab jwenn aksè nan manje fre ak lokal yo. Sa enkli Dekrè Egzekitif 32 Gouvènè a ki mande ajans Eta yo pou ogmante pousantaj manje ki soti kay kiltivatè ak pwodiktè Nouyòk yo a 30 pousan nan acha total yo sou senk ane. Gouvènè a angaje tou 25 milyon dola pou Pwogram Sibvansyon pou Enfrastrikti, Teknoloji, Rechèch ak Devlopman New York State Grown & Certified pou ede pwodiktè manje, pwosesè, distribitè, ak lòt moun k ap itilize engredyan ki soti Nouyòk pou mete sou mache pwodwi inovatè ki sètifye kòm NYS Grown & Certified.

Gouvènè Hochul [te anonse nan mwa jen](#) an tou, 13.7 milyon dola nan finansman pou 19 pwojè nan tout eta a atravè Pwogram Sibvansyon pou Enfrastrikti Sistèm Alimantè ki Rezistan pou bay asistans kapital ak teknik pou kiltivatè yo ak biznis manje ki ap fonksyone nan mitan chèn apwovizyonman an, sa k ap ede amelyore kowòdinasyon atravè sistèm alimantè a epi amelyore aksè nan mache pou kiltivatè yo. Investisman sa a pral ede konekte pwodiktè manje nan eta nou an ak operasyon magazen yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)